



Egzanpsyon nan Ogmantasyon Pri Lwaye pou Moun Andikape PREMYE APLIKASYON

KIMOUN KI KA APLIKE

Pou kalifye pou DRIE, ou dwe gen omwen 18 lane, revni konbine tout moun k ap viv nan apatman an dwe 50000 dola oswa pi piti, epi ou dwe depanse plis pase yon tyè nan revni konbine tout moun k ap viv nan kay ou a chak mwa pou peye lwaye. Ou dwe ap viv epi ou dwe se yon lokatè yon apatman pri lwaye kontwole, reglemante, oswa estabilize, oswa yon apatman ki nan yon bilding kote prè ipotèk li gen asirans federal dapre Seksyon 213 nan Lwa Nasyonal sou Lojman (National Housing Act) ki se pou konpayi devlopman Mitchell-Lama, konpayi lojman ki gen dividann limite, konpayi redevlopman, oswa Konpayi Finansman Devlopman Lojman (Housing Development Fund Company, HDFC) ki anrejistre anba Lwa sou Finansman Lojman Prive (Private Housing Finance Law) Eta New York la. Yo dwe te ba ou youn nan sa ki endike anba la a:

- Asirans Sekirite Siplemanntè (Supplemental Security Insurance, SSI);
- Asirans Sekirite Sosyal pou Moun Andikape (Social Security Disability Insurance, SSDI);
- Pansyon oswa konpansasyon pou moun andikape Depatman Afè Veteran Etazini an (U.S. Department of Veterans Affairs); oswa
- Pansyon oswa konpansasyon pou moun ki andikape Sèvis Postal Etazini (United States Postal Service) an; oswa
- Medicaid akòz andikap si moun ki aplike a te resevwa swa SSI oswa SSDI anvan.

MEN KI JAN POU OU APLIKE

Voye aplikasyon ou ranpli epi siyen an nan lapòs, ansanm avèk dokiman sipò yo, yo dekri nan seksyon 6 la bay:

Depatman Finans Vil New York (New York City Department of Finance)

Pwogram Estabilizasyon Pri Lwaye - DRIE, P.O. Box 3179, Union, NJ 07083

Si w bezwen èd, rele 311 oswa voye yon mesaj lè w ale sou www.nyc.gov/contactdrie.

1. ENFÒMASYON SOU MOUN KI APLIKE A

NON		
DAT NESANS	NIMEWO SEKIRITE SOSYAL*	
ADRÈS RI	APT.	
VIL	ETA	KÒD POSTAL
KONBYEN CHANM APATMAN W LAN GENYEN?	NIMEWO TELEFÒN () -	
ADRÈS IMÈL	ÈSKE OUMENM OSWA MADANM/MARI OU TE APLIKE POU DRIE ANVAN SA? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	
SOUS REVNI YO		
<input type="checkbox"/> Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA, SSDI, SSI)	<input type="checkbox"/> Salè Avantaj pou	<input type="checkbox"/> Veteran
<input type="checkbox"/> Pansyon	<input type="checkbox"/> Salè nan IRA/Rant	<input type="checkbox"/> Enterè sou Avantaj Sèvis Lapòs
<input type="checkbox"/> Pwofi nan Kapital	<input type="checkbox"/> Asistans Piblik	<input type="checkbox"/> Lokasyon pansyonè w la(yo) peye: _____
<input type="checkbox"/> Revni Biznis	<input type="checkbox"/> Konpansasyon Travayè	<input type="checkbox"/> Lòt: _____
Si ou pran retrèt nan dènye ane a, tanpri endike dat ou te pran retrèt la: _____		
REVNI TOTAL ANE PASE A \$	DEDIKSYON TAKS TOTAL OU TE REKLAME ANE PASE \$	<input type="checkbox"/> MWEN PA T GEN REVNI ANE PASE

DRIE—Egzanpsyon nan Ogmantasyon Pri Lwaye pou Moun Andikape PREMYE APLIKASYON

2. ENFÒMASYON SOU REPREZANTAN LOKATÈ A

Ou ka deziyen yon reprezantan pou resevwa kopi avi ou resevwa yo nan Pwogram Estabilizasyon Pri Lwaye a. Sa a se si ou vle, men li rekòmande.

NON	RELASYON AVÈK MOUN KI APLIKE A	
ÒGANIZASYON	NIMEWO TELEFÒN () —	
ADRÈS RI		APT.
VIL	ETA	KÒD POSTAL
ADRÈS IMÈL		

3. LÒT MANM KI NAN KAY LA

Si lòt moun ap viv nan apatman w lan, ranpli enfòmasyon ki anba a. W ap bezwen soumèt dokiman ki dekri nan seksyon 6 la pou tout moun nan kay la ki nan lis la a. Tache yon fèy anplis si sa nesèsè.

LÒT MANM NAN LAKAY LA #1

NON		
DAT NESANS	NIMEWO SEKIRITE SOSYAL	RELASYON AVÈK MOUN KI APLIKE A
SOUS REVNI YO		
<input type="checkbox"/> Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA, SSDI, SSI)	<input type="checkbox"/> Salè Avantaj pou	<input type="checkbox"/> Veteran
<input type="checkbox"/> Pansyon	<input type="checkbox"/> Salè nan IRA/Rant	<input type="checkbox"/> Enterè sou Avantaj Sèvis Lapòs
<input type="checkbox"/> Pwofi nan Kapital	<input type="checkbox"/> Èd Piblik	<input type="checkbox"/> Lòt: _____
<input type="checkbox"/> Revni Biznis	<input type="checkbox"/> Konpansasyon Travayè	
REVNI TOTAL ANE PASE A \$	DEDIKSYON TAKS TOTAL Ou TE REKLAME ANE PASE \$	<input type="checkbox"/> MWEN PA T GEN REVNI ANE PASE

LÒT MANM NAN LAKAY LA #2

NON		
DAT NESANS	NIMEWO SEKIRITE SOSYAL	RELASYON AVÈK MOUN KI APLIKE A
SOUS REVNI YO		
<input type="checkbox"/> Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA, SSDI, SSI)	<input type="checkbox"/> Salè Avantaj pou	<input type="checkbox"/> Veteran
<input type="checkbox"/> Pansyon	<input type="checkbox"/> Salè nan IRA/Rant	<input type="checkbox"/> Enterè sou Avantaj Sèvis Lapòs
<input type="checkbox"/> Pwofi nan Kapital	<input type="checkbox"/> Èd Piblik	<input type="checkbox"/> Lòt: _____
<input type="checkbox"/> Revni Biznis	<input type="checkbox"/> Konpansasyon Travayè	
REVNI TOTAL ANE PASE A \$	DEDIKSYON TAKS TOTAL Ou TE REKLAME ANE PASE \$	<input type="checkbox"/> MWEN PA T GEN REVNI ANE PASE

4. KALITE APATMAN AN (CHWAZI YOUN)

Pri Lwaye Estabilize

Si w chwazi sa, soumèt kontra lwaye ane sa a ak ane anvan an oumenm ak mèt kay la te siyen.

DIRE KONTRA LWAYE A (CHWAZI YOUN) 1 ANE 2 ANE

Èske sa a se premye kontra lwaye ou pou apatman sa a? Wi Non M pa konnen

Pri Lwaye Kontwole

Si ou chwazi kaz la, tanpri soumèt:

– Avi pou Ogmantasyon nan Pri Lwaye Maksimòm Debaz pou ane sa a (ak ane avan an, si genyen) ak Fòm Pri Lwaye Maksimòm pou Peye RN-26.

Otèl ki Gen Pri Lwaye Kontwole/Okipasyon yon Sèl Chanm (Single Room Occupancy, SRO)

Si ou chwazi kaz la, tanpri soumèt:

– Anrejistreman anyèl apatman nan Divizyon Lojman ak Renouvèlman Kominotè (Division of Housing and Community Renewal, DHCR) pou ane sa a ak ane anvan an.
 – Yon lèt direksyon an oswa mèt kay la bay ki endike pri lwaye a nan moman an ak pri lwaye a anvan.

Mitchell-Lama, Dividann Limite, Redevlopman, Koperativ Konpayi Finansman Devlopman Lojman (Housing Development Fund Company, HDFC), Koperativ Seksyon 213

Si ou chwazi kaz la, tanpri soumèt:

– Dokiman ki gen lis pri lwaye oswa lèt biwo direksyon ou bay ki endike dat dènye ogmantasyon pri lwaye ou a ak kantite lajan ou peye anvan ak apre ogmantasyon an. Si sa se premye ogmantasyon pri lwaye ou depi lè ou abite nan apatman an, tanpri endike dat ou te antre nan apatman ou.
 – Afidavi revni moun k ap viv nan kay la pou ane sivil la imedyatman anvan dat w ap ranpli aplikasyon sa a, si genyen.

Nòt: Si pri lwaye ou te ogmante akòz yon gwo amelyorasyon enpòtan (Major Capital Improvement, MCI), bay lòd apwobasyon Divizyon Lojman ak Renouvèlman Kominotè (Division of Housing and Community Renewal, DHCR).

5. SÈTIFIKA

Tanpri li sètifika ki anba la a avèk anpil atansyon, epi siyen li. Aplikasyon ou pa konplè si ou pa siyen li.

Anba menas sanksyon lalwa bay, mwen konfime m ap viv nan moman an nan adrès ki endike nan aplikasyon sa a epi enfòmasyon mwen bay yo se enfòmasyon ki vrè ak konplè.

Mwen rekonèt epi mwen dakò si mwen pa divilge revni tout moun nan kay la, ansanm avèk peman pansyonè yo fè ban mwen, mwen ka gen responsablite pou remèt Minisipalite Vil la tout kantite lajan nenpòt avantaj DRIE mwen te resevwa yon fason ki pa t kòrèk, plis nenpòt frè pou peye pou enterè.

Mwen rekonèt Depatman Finans ka verifiye revni mwen.

EKRI NON MOUN KI APLIKE A AN LÈT DETACHE	SIYATI MOUN KI APLIKE A	DAT
EKRI NON MOUN KI GEN DWA PWOKIRASYON AN OSWA RESPONSAB LEGAL TRIBINAL CHWAZI A AN LÈT DETACHE, SI GENYEN	SIYATI MOUN KI GEN DWA PWOKIRASYON AN OSWA RESPONSAB LEGAL TRIBINAL CHWAZI A, SI GENYEN	DAT

6. DOKIMAN KI OBLIGATWA YO

Pou nou apwouve w pou Pwogram Estabilizasyon Pri Lwaye a, ou dwe verifeye si w kalifye. Tanpri mete sa yo nan aplikasyon ki ranpli ak siyen an:

1. Prèv Laj

Bay yon kopi youn nan sa yo pou tèt ou ak pou chak lòt moun k ap viv nan kay la: batistè, paspò, lisans, kat idantite ki gen foto ladan gouvènman an bay, oswa lòt dokiman federal, eta, oswa lokal ki montre dat nesans ou.

2. Prèv Revni

Bay yon kopi sa ki annapre yo pou tèt ou ak pou chak lòt moun ki nan kay la pou ane sivil la imedyatman anvan dat w ap ranpli aplikasyon sa a.

- Deklarasyon taks sou revni federal oswa leta a avèk tout barèm yo ak fòm 1099 yo.
- Oswa, pou tèt ou oswa tout lòt moun k ap viv nan kay la ki pa t ranpli yon deklarasyon taks federal oswa leta a, soumèt kopi tout sous revni, ki gen ladan sa yo ki nan lis anba a.
 - Salè pa èdtan/salè/poubwa
 - Revni ki soti nan biznis ou
 - Revni ki soti nan Lokasyon ou fè
 - Sibvansyon ou jwenn pou Lokasyon
 - Avantaj Sekirite Sosyal (SSA, SSDI, SSI)
 - Peman pansyon
 - Chomaj, konpansasyon travayè, oswa avantaj pou moun andikape
 - Salè nan IRA
 - Salè nan rant
 - Pwofi nan Kapital
 - Enterè oswa dividann (sa yo ka pran taks sou yo ak sa yo pa ka pran taks sou yo)
 - Sipò timoun oswa peman pansyon alimantè ou resevwa
 - Èd piblik (lajan kach)
 - Sipò finansye ou resevwa nan men fanmi oswa zanmi pou peye lwaye
 - Ou genyen nan jwèt aza, dèt yo anile pou ou, ak tout lòt sous revni

3. PRÈV LWAYE

Soumèt dokiman ki apwopriye yo pou kalite apatman w lan.

Apatman ki Gen Pri Lwaye Estabilize

- Soumèt kontra lwaye ane sa a ak sa ane pase a ki gen siyati w ak siyati mèt kay ou a.
- Soumèt Kredi nan Taks Preferansyèl oswa pou Lojman Moun ki pa Touche Ase Revni w lan (Low-Income Housing Tax Credit, LIHTC), si genyen.

Apatman ki Gen Pri Lwaye Kontwole

- Soumèt Avi pou Ogmantasyon nan Pri Lwaye Maksimòm Debaz pou ane sa a (ak ane anvan an, si genyen) ak Fòm Pri Lwaye Maksimòm pou Peye RN-26.

Otèl ki Gen Pri Lwaye Kontwole/OKipasyon yon Sèl Chanm (Single Room Occupancy, SRO)

- Soumèt Anrejistreman anyèl apatman nan Divizyon Lojman ak Renouvèlman Kominotè (Division of Housing and Community Renewal, DHCR) pou ane sa a ak ane anvan an.
- Yon lèt direksyon an oswa mèt kay la bay ki endike pri lwaye a nan moman an ak pri lwaye a anvan.

Mitchell-Lama, Dividann Limite, Redevlopman, Koperativ Konpayi Finansman Devlopman Lojman (Housing Development Fund Company, HDFC), Koperativ Seksyon 213

- Dokiman ki gen lis pri lwaye oswa lèt biwo direksyon w lan bay ki presize dat dènye ogmantasyon pri lwaye ou ak kantite lajan ou peye anvan ak apre ogmantasyon an. Si sa se premye ogmantasyon pri lwaye ou depi lè ou abite nan apatman an, tanpri endike dat ou te antre nan apatman ou.
- Afidavi revni moun k ap viv nan kay la pou ane sivil la imedyatman anvan dat w ap ranpli aplikasyon sa a, si genyen.

4. Pwokirasyon (si genyen)

Si moun ki gen dwa pwokirasyon an oswa responsab legal tribinal chwazi a siyen sou non moun ki aplike a, soumèt dokiman pou moun ki gen dwa pwokirasyon an oswa pou responsab legal la.

Si w bezwen yon aranjman pou andikap oswa pou yon pwoblèm medikal pou w kapab aplike pou yon sèvis oswa pou w kapab resevwa yon sèvis oswa patisipe nan yon pwogram Depatman Finans la ofri, nou envite ou pou kontakte Fasilite Sèvis Andikap la nan www.nyc.gov/contactdofeeo oswa rele 311.

*Ou dwe bay nimewo Sekirite Sosyal oswa ITIN ou pou aplike pou Pwogram Estabilizasyon Pri Lwaye sa a. Nou mande enfòmasyon sa yo pou asire dosye nou yo gen presizyon, epi pou asire ou bay enfòmasyon ki egzat. Dwa nou pou egzije enfòmasyon sa yo endike nan Seksyon 11-102.1 Kòd Administratif la.